

KAYE SOUVNI



Lòsyè mo # 4

GWOUP FLÈ AK PWEZI

Sou direksyon Jean Verdin JEUDI (TOLI)

29 Dawou 2016

Souvni mare sosis li ak rèv nan kadans legzistans. Kaye souvni se

kout zong divès otè gwoup **Fle ak pwezi** pou filange po imaj ak senbòl nan yon batay powetik.

Travay sa a se katriyèm piblikasyon ki soti nan pwojè « lòsyè mo » gwoup la genyen. Yon pwojè ki vize marande plim divès ekriven ansanm epi konstwi yon **gwo** mo sou yon tèm espesifik, malgre chak ekriven sa a yo gaye nan tout kwen nan peyi a.

N ap toujou souliye pou lektè yo, chak ti moso tèks se yon sengilarite ki marande ansanm pou konstwi totalite zèv la.

Jean Verdin JEUDI

Mwen sel espektate

**Lavi m
K ap
danse
Ak yon
Moso
Lonbray
mwenn**



Sarapphina MOISE (Diva)

Lavi bloke sou pòtay
Sole ap fawouche
Mezi lanvi
K ap flannen
Sou pwent kè m
Monte desann Koukouman
Tout Plim ki nan je m
Tout vil la
Desann anba plan pye m
Nan siveye lonbray potò

Mendiny JOSEPH (Larim)

Cheri

M bouke

M vle poze

Sou po vant ou

Pou m sispann mache

Dèyè lonbray ou...

Joh-Anna Pierette (Anna)

Cheri

Pa di m

Ou renmen m

Gade m pito

M a va konnen

Jan lanmou n tòde

Lakansyèl

R. Deewoy DESROSIERS

*Yo di m paradi
se
nan syèl
Pou mwen
Paradi
se
Nan bouch ou*

Snayder PIERRE LOUIS (Snaypi)

Bann chanpwèl
Mare chimen m
Pagen wout pa bwa
Sèlman
Anba ti vant ou

Mendiny JOSEPH (Larim)

Cheri kite m tete lang ou
Pou m pa janm grangou
Kite m navige
Sou po vant ou
Pran m, mennen m ale
Kote rèv se tibato papye

Selmy Accilien

Yo dim lari se salon pèp

Ou met kwè m

Se kè w cheri

Ki ni salon ni chanm

Snayder PIERRE LOUIS (Snaypi)

Sou fèy mwen

M ap montre w

Deplimen lavi

Konsa la sipann

Flannen

Sarapphina MOISE (Diva)

M anvi pare solèy
Anba fèy ou
M anvi tire nago
sou do kay ou
M pran sant frensay ou
Chak mo w yo
Se yon senk kòb
Anba lang lakansyèl

Ti kris

Chak branch
Pwèl ou raple m
kout grif yon djèt
Bliye nan plan men
yon ti nyaj.

Samuel CLERMONT (Diamant Noir)

Cheri

Ou mèt banm

Tout pawòl

Pawòl lanmou

Pawòl moun fou

Pawòl kwa manman Kwa papa

Pawòl pise lalin

Pawòl ki pou

Fè vwa w fê tolalito

Nan zorèy mwen

Ti cheri

Chan pwèl ou

Parèy ak zèb ginen

Men se avèk yo

M wete kras

Nan dan lavi m

Mendiny JOSEPH (Larim)

Anvi m

Se tipousyè ki Kache

Nan tou lonbrit ou

Anvi m

Se kras ki fè pil

Nan rigòl tete w.

Pa frote kò w cheri

Pa benyen dri cheri

Pou pa voye anvì m ale.

Cheri
M swaf
prezans ou
Ban m ti
gout krache

Mendiny JOSEPH (Larim)

W a eskize m cheri
Si lè w pa la
M pa fè revèy konfyans
zegwi tan m
Ret nan pwent tete w

Stevenson TILUS

Lè w la cheri

Tout gran ri

Pèdi kliyan

Je tout moun kwoke

Nan gade w

Stevenson TILUS

M ap chache prezans ou
Miyèt souri w fè m paka dòmi
Li anpeche m jwenn
Sole klere
Se dife je w ki flanbe kè m
Nan yon ti kadè

Sandy NORMIL (Sandouella)

M ap priye
Sou chak fèy
Pou se figi w m ekri
Lè enspirasyon m
Chache w toupatou
M a kouri nan vwa w
Jouktan m bouke koute l

Casanova

Cheri absans ou
Leve raje sou kè m
Souvni n
Pouse zepon
Nan figi tan.

Eland GUERRIER

Souvni mwen ak ou

Mare nan Zetwal

K ap klere

Sou mòn lanmou

Joh-Anna PIERRETTE (Anna)

Kou l fè minwi

Lespri m panche a goch

Li al kabicha

Sou pòtray lanmou nou

Jean Verdin JEUDI (Toli)

Cheri

Tout renmen

Se renmen

Men ann tann

Lanjelis pwente

Pou renmen n jwe

Lago deli

R. Deewoy DESROSIERS

Plan men m vid
Kou ponyen razè
Ki sot nan pòch renmen
M akwoupi devan pa pòt ou
Tout san m tresayi
Nanm mwen vòltije
Sèl kò m wa va jwenn
Kòm yon dènye soupi

Christopher JASMIN (Né d'
Hier)

De ti zwazo branche
menm pye bwa
Yon bèl mizik pran siyonnen
Galri kay la
Tout batanklan nan kay la
Pran danse
Poutan ou rete la
ap fè m grimas
Kou madigra legede

Christopher JASMIN (Né d'
Hier)

**M achte vag lanme
Mete nan ke m
Pou tout bras ou
Pa al pi lwen ke fwontye
zye m.**

Stevenson TILUS

Absans ou sizonnen ke m

Larivye zye m

Trennen souvni n

Anba tye wob lanme

Sou chimen lespwa

Eland GUERRIER

Lè lougawou met pye,
nan fwaye nou
M a pete koken
Sou plato vwazinay

Christopher JASMIN (Né d'
Hier)

Sou chimen w

Sèlman m vle pase

Pou m pa pèdi tras pye w

Nan mare lapli anba ti Vant ou

Eland GUERRIER

Jalou pa jalou

Anyen pa ka separe n

Paske lanmou n

Pyese ak krache lesyèl

Mendiny JOSEPH (Larim)

Nou tout gen menm laj
Nou menm longè
Al mande lanati la di w
Se sou pwent tete l
Nou te fèt ansanm

Snayder PIERRE LOUIS (Snaypi)

Depi bajou kase
M koumanse priye
Pou lanjelis rive
Pou m ka goute souvni
Lanmou w pote

Joh-Anna PIERRETTE (Anna)

Mwen menm
Jenn powèt devègonde
M ap fwenk ekri non m
Nan do seren lapli
Pou lakansyèl
Ka konn kòman m rele

Selmy ACCILIE

Kenbe m

Mare m

Kwoke m

Pou m wè uityèm

Koulè lakansyèl

K ap bwè dlo

Nan fon kè w

Joh-Anna PIERRETTE

(Anna)

Lapli se bòt move tan
Mete nan pye l
Pou l mache
Sou latè.

Selmy ACCILIE

Zetwal kouve

F è timoun pa grandi

Selmy ACCILIEN

Depi m piti m ap teke mab

Ak lanmou

Mwen nik kwaze w

Boulpik mwen mò

Nan wonn kako w

Jean Verdin JEUDI (Toli)

Ayè reswa
M bare vigil ou
K ap fè pwezi m je dou
Pale l tande

Lonbray li tou flègèdèk
Kakòn figi l deboutonnen
Kouwè move zè
Anvan l jou

Schadmael DEROSIER (L'in docile)

Lè m avè w
fil lavi m Pèdi
nan alsiyis Ou
Kè m pran latranblad

Schadmael DEROSIER (L'in docile)

Nan latchè w gen yon mizik
ki ensite m kanpe
pou selebre lamès
sou lotèl ou
plezi m
se manje kò w
bwè san w
pou kominyon foli nou

Ti kris

Mouche van
Si w wè souvni pou mwen
Di li pati
ak yon gwo
pati nan mwen
di l pou mwen
solitid se dra
ki vlope m
Epi dlo je m
rive anba kou m

O! van
Si w wè SOUVENI
Pou mwen
Ou va di l
vil la ap plenyen
pou mak Pyel
di li pou mwen
popyè m kouri kite m

Samuel CLERMONT (Diamant Noir)

Lis patisipan an yo:

- Casanova
- Christopher JASMIN
- Eland GUERRIER
- Jean Verdin Jeudi
- Joh-Anna N.
PIERETTE
- Mendiny JOSEPH
- R. Deewoy Desrosiers
- Samuel CLERMONT
- Sandy NORMIL
- Sapphire MOISE S.
- Schadmael DEROSIER
- Selmy ACCILIEN
- Snayder PIERRE-LOUIS
- Tilus STEVENSON
- Ti kris